

KONEKSYON

Yon Bilten pou Paran Lekòl Leta Miami-Dade County

MAKE DAT LA ! FWA KOLÈJ NASYONAL LA AP VIN MIAMI, 26 FEVRIYE 2017 – ENSKRI DAVANS SOU ENTÈNÈT KOUNYE A !

Fwa Kolèj
Nasyonal 2017 nan Miami

**Dimanch
26 fevriye 2017**

Midi pou 4 è nan aprèmidi
Doubletree Miami Mart Airport Hotel & Convention Center
777 N.W. 72 Avenue, Miami, FL 33126

Admisyon **GRATIS** e Seson Enfòmasyon GRATIS
Frè pakin: \$5 Kach

ANREJISTRE DAVANS

Mande enfòmasyon sou plizyé kolèj/inivèsite nan Fwa Kolèj la vin pi fasil. Lé yo anrejistre davans, elèv yo ka enprime yon kòd konfirmasyon pou yo itilize nan fwa a kòm yon identifikasyon elektronik. ([Anrejistre davans](#) nan [www.gotomyncf.com](#)).

Vizite 200 kolèj ak inivèsite k ap soti atravè tout peyi a!

Pou plus enfòmasyon rele
305-995-1739
Lendi a vandredi, 8è diman pou 4:30 nan aprèmidi
oubyen vizite [www.nacacnet.org](#)
Si w gen yan andlikap ki mande akomodasyon, ou ka rele nimewo anvo a oubyen rele "Telecommunications Device for the Deaf (TDD)" (Aparèy Telekomunikasyon pou Moun ki Soud) nan 305-995-2400.

#collegefairmiami

Se Lekòl Leta Miami-Dade County e Asosiasyon Nasyonal Konsèy pou Admisyon Kolèj k ap Patwone Fwa Kolèj la

Reprezantan k ap soti nan prèske 200 kolèj ak inivèsite ap nan Fwa Kolèj Nasyonal 2017 Miami an – dimanch 26 fevriye 2017, pou rankontre elèv ak paran sou sijè tankou èd finansye, planifikasyon pou kolèj, admisyon, ak egzijans pou pran egzamen.

Fwa a, ki gratis, ap fèt soti midi pou 4 è nan aprèmidi, nan DoubleTree Miami Mart Airport Hotel & Convention Center, 777 N.W. 72nd Ave., Miami, FL 33126. Pakin se \$5, lajan kach sèlman.

Yo ap prezante sesyon enfòmasyon ann Espayòl e an Kreyòl. Gen yon Sant Konseye ki ap disponib pou pèmet elèv ak paran yo jwenn opòtinité pou pale avèk pwofesyonèl ki gen fòmasyon nan preparasyon pou kolèj, admisyon ak bousdetid.

Mande enfòmasyon nan divès kolèj/inivèsite nan Fwa Kolèj la vin pi fasil kounye a. Lè elèv enskri davans, yo ka enprime yon konfirmasyon ki kode y ap ka itilize nan Fwa a kòm yon Idantifikasyon elektronik. Elèv ka enskri davans nan [www.gotomyncf.com](#)

Pou plis enfòmasyon, kontakte liy enfòmasyon pou Fwa Kolèj la nan 305-995-1739; oubyen vizite [www.nacacnet.org](#). Suiv evènman an nan #collegefairmiami.

Kenbe Paran Enfòme e Konekte

PLIS PASE 350 MANM NAN KOMINOTE A TE PATISIPE NAN
#PRINCIPALTODAY

Plis pase 350 patnè te vin rankontre direktè parèy yo 8 desanm pou yon jounen sèvis kòm Direktè JODI A. Direktè JODI A kontinye tradisyon anyèl Lekòl Leta Miami-Dade County ki se envite lidè biznis/kominotè pou yo sèvi kòm direktè lekòl. Pou w ka wè plis foto, chèche 'hashtag' #PrincipalToday sou medya sosyal.



Sipèntandan Lekòl yo Alberto M. Carvalho, ki ap sèvi tou kòm direktè nan Akademi iPrep, ak prezantatè nouvèl Elliott Rodriguez vizite yon klas pou yo wè kijan aprantisaj ap fèt.



Onorab Jij Sarah Zabel nan '11th Judicial Circuit Court' pase jounen an avèk elèv ki vle vin jij ak avoka kòm DIREKTÈ Jodi a nan Lekòl Segondè 'Law Enforcement Officers Memorial'!

DAT POU NOU SONJE

26 desanm – 6 janvye - Vakans Ivè

15 janvye - Dènye jou pou aplikasyon lekòl magnet

16 janvye - Komemorasyon Anivèsè Dtè Martin Luther King Jr.

23 janvye - Jounen pou Pwofesè Fè Planifikasyon
Make dat la! 1ye avril 2017 – Defi 5K Sipèntandan an

M-DCPS RE-ENVANTE VIZAJ LI, VIN FÈ PATI TRANSFÒMASYON AN!

M-DCPS REFRESH

A NEW LOOK FOR 21ST CENTURY LEARNING



Miami-Dade County Public Schools
giving our students the world



Li posib pou se ou menm ki desine pwochen anblèm Lekòl Leta Miami-Dade County a, gras ak konkou pou redesine anblèm #MDCPSRefresh, ki ap fêt atravè kominate a. Sa ki pi enteresan an – yon prim kach \$2,500. Ou ka jwenn detay sou règleman konkou yo, kondisyon pou soumet anblèm yo, ak enfòmasyon sou fason pou antre nan konkou a nan <https://mdcpsrefresh.dadeschools.net/>.

PLIZYÈ MILE ELEV LEKÒL ELEMENTÈ ALE NAN JWÈT PWOMNAD "LET'S MOVE"

Nan yon efò pou pwomote aktivite fizik nan lekòl nou yo, M-DCPS fè patenarya avèk "Let's Move!" (Ann Bouje) ak University of Miami pou kenbe elèv nou yo angaje e fè yo konnen enpòtans pou yo rete aktif. Plis pase 4,000 elèv lekòl elementè te ale nan twazyèm pwomnad anyèl la pou gade ekip baskètbòl feminen University of Miami an ki t ap jwe avèk Loyola Chicago.



Elèv M-DCPS ap sipòte jwè favori yo nan ekip baskètbòl feminen an.

YO CHWAZI FELDMAN, PÉREZ POU DIRIJE KOMISYON KONSÈY LEKÒL MIAMI-DADE



Yo eli Dtè. Lawrence S. Feldman kòm Chèmann Komisyon Konsèy Lekòl Miami-Dade County pou ane lekòl 2016-2017 la. Yo te premye eli Dtè. Feldman, ki reprezante Distri 9, nan Komisyon Konsèy Lekòl la an 2008. Li te sèvi avan kòm Vis Chèmann an 2010, 2011, 2013 ak 2014.

Yo eli Dtè. Marta Pérez kòm Vis Chèmann. Yo te premye eli Dtè. Pérez, ki reprezante Distri 8, nan Komisyon Konsèy Lekòl la an 1998. Li te sèvi déjà kòm Vis Chèmann an 2008.

Manm Komisyon Konsèy Susie Castillo, Dtè. Feldman, Lubby Navarro ak Dtè. Martin Karp te prete sèman pou reprezante Distri 5, 9, 7, ak 3, respektivman. Dtè. Steve Gallon III ak Mari Tere Rojas prete sèman kòm nouvo manm Komisyon Konsèy pou Distri 1 ak Distri 6 respektivman.

PWOCHEN REYINYON KOMISYON KONSÈY LEKÒL

25 janvye	11:00 dimaten	Reyinyon Regilye
15 fevriye	11:00 dimaten	Reyinyon Regilye
15 mas	11:00 dimaten	Reyinyon Regilye

Komisyon Konsèy Lekòl Miami-Dade County, Florid

Doktè Lawrence S. Feldman, Chèmann

Doktè Marta Pérez, Vis Chèmann

Doktè Dorothy Bendross-Mindingall

Susie V. Castillo

Doktè Steve Gallon III

Perla Tabares Hantman

Doktè Martin Karp

Lubby Navarro

Mari Tere Rojas

Alberto M. Carvalho

Sipètentandan Lekòl yo

Sebastian M. Lorenzo

Konseye Elèv nan Komisyon Konsèy Lekòl la

Se Biwo Kominikasyon ki Pwodui Bilten sa a

Daisy Gonzalez-Diego

Ofisyé Anchèf Kominikasyon

